



Pou Piblikasyon Imedya: 28/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY LAPOLIS ETA A ENSTRIKSYON POU OGMANTE  
PREZANS SEKIRITE OZALANTOU TANP ADORASYON YO**

"New York an dèy pou viktim yo ak sila yo ki blese nan fiziyad orib Chabad Poway a nan California.

Sis mwa apre jou atak antisemit ki te pi mòtèl la nan istwa nasyon nou an, epi nan dènye jou Pak la, nou ap fè fas ak yon lòt atak devastatè nan yon sinagòg, yon kote sen pou adorasyon. New York ap travay men nan men avèk kominote jwif la ak moun tout kwayans.

Kòm yon prekosyon, mwen te bay Lapolis Eta a enstriksyon pou yo ogmante prezans sekirite ozalantou sinagòg yo ak tanp adorasyon yo atravè Eta a.

Nou dwe mete tèt ansanm pandan moman latwoublay sa a pou nou derasinen rayisans nan tout fòm li epi montre nasyon an nou pap janm divize akòz zak vyolans meprizab sa yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)